bu ab xaj naanee ci ndabul kenn ci yéen na ko raxas juróom-ñaari yoon

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «bu ab xaj naanee ci ndabul kenn ci yéen na ko raxas juróom-ñaari yoon». Nekk na ca sahiihu Muslim: «bu njëkk bi ànd na ak suuf».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc digle na ñu raxas ndab yi juróom-ñaari yoon bu ci ab xaj dugalee làmmeñam, bu njëkk bi ànd ak suuf ngir ndox mi ñëw ginnaawam, mu am cett gu mat ca sobe sa ak lor ja.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3143